

PROGRAM NO: 299

PENTINGIPIN MRIKSAKAKEN KANDHUTAN / KEBAL SAKING PACOBEN

Sedhèrèk kula, pepanggihan malih kaliyan kula, Lilis, wonten ing giyaran adicara Cahyaning Agesang. Mugi-mugi panjenengan tansah séhat lan saé-saé kémawon. Dinten menika kula badhé atur wawasan ngéngingi kandhegan dhateng panejengen. Sacara mligi kula badhé wicanten ngéngingi pentingipun mriksakaken kandhegan. Saksampun menika, ibu Arin badhé dumugi lan badhé atur siraman rohani kanggé kita. Inggih, sedhèrèk kula, sugeng nikmati giyaran Cahyaning Agesang ingkang kula cawisakaen kanggé panjenengan.

Sedhèrèk kula, sakben tiyang èstri ingkang sampun émah-émah, tamtu ngajengaken saged nggadahi laré piyambak. Pramila saking menika, satunggalipun tiyang èstri badhé bagya sanget menawi piyambakipun rumaos bilih saweg ngandhut. Kandhegan panci mbagyakaken kanggenipun sakben tiyang èstri ingkang sampun émah-émah. Nanging wonten kathah bab ingkang kedah dipun-gatosaken déning tiyang èstri ingkang saweg ngandheg, antawisipun mriksakaken kandheganipun kanthi ajeg. Kathah tiyang èstri ingkang ngandheg rumaos, bilih mriksakaken kandheganipun mboten patos prelu, karena menawi kandheganipun mboten murugaken prekawis, artosipun jabang bayinipun tamtu séhat. Dados, kathah wanita ingkang mboten mriksakaken kandheganipun sacara ajeg, awit saking menika kathah prekawis kandhegan ingkang telat dipun-tangani.

Kénging menapa mriksakaken kandhegan menika wigatos/penting?

Para dhokter kandhungan sanjang, bilih mriksakaken kandhegan menika penting kanggé ibu ingkang saweg ngandheg lan ugi jabang bayinipun.

Kanthi mriksakaken kandhegan sacara ajeg, boboting badan ibu ingkang ngandheg badhé dipun-kontrol kanthe saé. Menapa wonten ing mindhakistanipun boboting badan ibu ngandheg menika taksih wonten ing kawontenan ingkang limrah utawi mboten. Obésitas utawi kelemon kanggénipun ibu ingkang ngandheg badhé murugaken gangguan keséhatan ingkang mboten saé, kados ta, diabètes, infèksi kandhung kemih, keluron lan ugi keracuan kandhegan. Sakwetawis menika, kanggénipun ibu ingkang ngandheg, ingkang boboting badanipun kirang, mriksakaken kandhegan saged marsudi manggihaken, menapa ibu menika ngalami kekirang gisi utawi kekirang nutrisi.

Ing nalika mriksakaken kandhegan, tekanipun rah ibu ngandheg menika badhé dipun-ukur. Bab menika migunani kanggé niti-priksa, menapa ibu menika ngalami tekanan rah inggil utawi tekanan rah andhap, temah menawi panci mekaten kanggé nangani bab menika saged énggal dipun-tindakaken.

Tekanan rah ingang inggih murugaken kirangipun **“kiriman”** rah dhateng plasènta. Sampun tamtu bab menika badhé ngirangi kacekapanipun oksigén lan tedhan kanggé jabang bayi. Akibatipun, tuwuh-

mekaripun jabang bayi ugi dados rendhet, lan saged nuwuhaken jabang bayi lair sakdèrènging wancinipun. Langkung nggegirisi malih, penyakit hipertènsi utawi tekanan rah inggih menika ugi saged murugaken copotipun jaringan plasèta sacara dadakan saking uterus sedèrènging wancinipun. Wonten ing prekawis tekanan rah inggil kronis ingkang sak-èstu tumrap ibu ingkang ngandheg, inggih menika saged tuwuh dados penyakit pre-eklamsi utawi keracunan tumraping kandhegan.

Nah, menawi saweg ngandheg tekananing rah ibu menika andhap, pramila badhé ndadosaken ibu ingkang ngandheg menika lemes, mumet, lan saged ugi semapat. Menawi tekanan rahipun andhap lan mboten énggal dipun-prantasi, pramila kiriman rah dhateng pérangan badanipun ibu menika badhé kirang lan ugi saged kaganggu. Tekanan rah ingkang andhap tumraping ibu ingkang saweg ngandheg, ugi mboten saé tumrap jabang bayinipun. Jabang bayi saged kekirangan gisi. Lan menawi jabang bayi kekirangan gisi, piyambakipun mboten saged tuwuh kanthi sampurna. Lan menawi tekanan rah ingkang andhap mboten énggal dipun-prantasi, pramila jabang bayi saged lair sakdèrènging wancinipun utawi prematur kanthi bobot badan ingkang andhap.

Kathah ibu ingkang saweg ngandheg kanthi gampil kaserang déning parasit, salah satunggalipun inggih menika toksoplasma. Kanthi mriksakaken kandhegan serangan parasit menika saged dipun-sumerepi lan énggal saged dipun-prantasi. Parasit tokosoplasma sanget mbebayani tumrap jabang bayi lan ugi tumrap ibu menika piyambak.

Menika kalawau ginanipun mriksakaken kandhegan tumrapipun ibu ingkang saweg ngandheg. Nah, kanggénipun jabang bayi mriksakaken kandhegan kathah ginanipun, antawisipun inggih menika:

Mriksakaken kandhegan migunani kanggé nyumerepi, mbok menawi wonten ingkang mboten limrah tumrapipun jabang bayi ing wekdal taksih wiwitan. Ugi migunani kanggé nyumerepi tuwuh-mekaripun jabang bayi, menapa wonten gangguan menapa mboten. Mriksakaken kandhegan ugi migunani kanggé ngontrol keduting jantungipun jabang bayi, lan ugi saged nyumerepi kados pundi panggènanipun jabang bayi menika wonten ing kandhegan.

Kala-kala mriksakaken kandhegan nganggé pirantos ingkang naminipun USG. Nah, pirantos menika padatanipun dipun-ginakaken kanggé mriksa kandhegan, karena wonten ginanipun ingkang mligi. Mriksa kandhegan mawi USG saged nyumerepi umuripun kandhegan, ugi saged nyumerepi ingkang mboten limrah tumraping jabang bayi. Saged nyumerepi panggènanipun jabang bayi, lan panggènanipun plasenta, normal utawi mboten. Saged nyumerepi tuwuh-mekaripun jabang bayi kanthi teliti ngantos ingkang sak-alit-alitipun; kados ta, ngéngingi boboting badanipun, lan ukuran sirahipun. Saged nyumerepi keduting jantungipun. Saged nyumerepi gunggungipun jabang bayi wonten ing kandhegan, menapa kembar utawi mboten. Saged nyumerepi jabang bayi menika jaler menapa èstri.

Sedhèrèk kula, mug-mugi andharan cekak menika nambahi kaweruh panjenengan, supados panjenengan kanthi suka-rena ajeg mriksakaken kandhegan panjenengan.

Sedhèrèk kula, mug-mungi panjenengan pikantuk wawasan énggal, ngéngingi pentingipun mriksakaken kandhegan. Tetepa sesarengan kaliyan adicara menika, karana sekedhap malih ibu Arin badhé ndugi lan atur siraman rohani kanggé kita, supados iman kapitadosan kita dipun-kiyataken. Nanging sakdèrèngipun, mangga sami kita pirengaken satunggal lagu pepujèn menika. Sugeng midhangetakan lan mug-mugi manah kita kalipur.

Kebal saking Pacobèn

Efesus 6:10-12

Sedhèrèk kula, kita sumerep virus HIV, inggih menika virus ingkang nyerang sistém kekebalanipun badan kita. Nalika virus menika lumebet wonten ing badan kita, lan badhé lajeng sangsaya mindhak kathah, lan virus menika ngringkihaken kasagedaning badan kita nglawan infèksi. Mboten wonten tamba utawi obat kanggé mbrasta virus menika, nanging kanthi ngombé obat ngrembakanipun virus menika saged dipunrendhet. Menawi satunggaling tiyang kénging virus HIV, lajeng mboten ngombé obat kanggé ngrendhet ngrembakanipun virus menika, pramila ing wekdal gangsal ngantos pitung taun daya kekiyataning badanipun nglawan penyakit badhé sirna, temah badanipun saged kaserang déning penyakit ingkang murugaken pejah, kados, kangker, TBC, lan sanès-sanèsipun.

Sedhèrèk kula, saklintunipun badan kita, iman kita ugi saged kécalan kakebalan saking godhanipun iblis utawi sétan. Kita sumerep, iblis badhé terus nggodha lan nguji kasetyan iman kita dhumateng Gusti. Sedaya werni panggodha lan iming-iming iblis mboten saged kita tempuh utawi lawan, menawi jiwa kita mboten nggadha kakebalan babar blas. Dinten menika kita badhé kawon nempuh godhanipun iblis kanggé tumindak tumemen, dinten selajengipun kita saged dhawah wonten ing dosa panylèwèngan lan apus-apus, lan ing dinten-dinten selajengipun kita badhé kawon dhateng godhanipun iblis ingkang ngrimuk kita supados serik lan males dhendham. Jiwa kita kadosdéné kaserang déning virus HIV, lan virus menika terus ngrembaka, temah pungkasanipun jiwa kita ringkih lan mboten kuwagan nempuh pacobèn saking iblis.

Menapa panjenengan taksih èngget cariyos ngéngingi Gusti Yésus ingkang dipuncobi déning iblis? Kula badhé maosaken cariyos menika, supados kita ningali malih kamimpanganipun Gusti Yésus anggènipun nglawan iblis. Mekaten cariyosipun: **Matius 4: 1-11**

4:1 Sawisé mengkono, Gusti Yésus banjur katuntun déning Sang Roh Suci menyang ara-ara samun, supaya digodha déning Iblis.

4:2 Ana ing kono Gusti Yésus siyam patang puluh dina patang puluh bengi. Banjur kraos luwé.

4:3 Iblis nuli teka sowan ing ngarsané Gusti Yésus lan matur mengkéné: "Sarèhné Panjenengan menika Putranipun Allah, mangga séla-séla menika Panjenengan sabdakaken dados roti."

4:4 Gusti Yésus paring wangsulan: "Wis katulis ing Kitab Suci: Manungsa kuwi uripé ora mung saka roti waé, nanging saka sakèhing sabda sing didhawuhaké déning Gusti Allah."

4:5 Iblis banjur nggawa Gusti Yésus menyang kutha Yérusalèm lan mapanaké Panjenengané ana ing wuwunging Pedalemané Allah.

4:6 Iblis nuli matur: "Sarèhné Panjenengan menika Putranipun Allah, sumangga kula aturi anjlog; sebab wonten ing Kitab Suci wonten seratan mekaten: 'Pangéran bakal ndhawuhi para malaékaté njaga marang kowé, lan kowé bakal dithadhahi ing tangané supaya aja nganti kena ing watu.' "

4:7 Pangandikané Gusti Yésus: "Nanging ing Kitab Suci iya ana tulisan mengkéné: 'Kowé aja nyoba marang Pangéran Allahmu.' "

4:8 Gusti Yésus banjur digawa déning Iblis, menyang gunung sing dhuwur banget. Ana ing kono Gusti Yésus diaturi mirsani sakèhé kraton ing donya sakamulyané kabèh.

4:9 Iblis banjur matur marang Gusti Yésus: "Sedaya menika kula caosaken dhateng Panjenengan, angger Panjenengan sujud nyembah dhateng kula."

4:10 Gusti Yésus ngandika: "Wis lungaa, Sétan! Awit ing Kitab Suci wis tinulis mengkéné: 'Pangéran Allahmu sing wajib koksembah lan mung Panjenengané sing wajib kokbektèni!' "

4:11 Wusana Iblis banjur lunga saka ngarsané Gusti Yésus; malaékat-malaékat tumuli padha sowan ngladosi Panjenengané.

Kados mekaten kalawau cariyos ngéngingi kamimpanganipun Gusti Yésus nglawan iblis. Iblis nyobi Gusti Yésus mawi tiga perintah. Ingkang kaping sepindhah, bilis nyuwun supados Gusti Yésus karsa ngribah séla dados roti. Ingkang kaping kalih, iblis nyuwun supados Gusti Yésus ndhawuhaken badanipun saking wuwunganing Pedalemanipun Allah. Ingkang kaping tiga, iblis nyuwun supados Gusti Yésus karsa nyembah piyambakipun.

Mboten satunggal kemawon printahipun iblis ingkang Gusti Yésus taati utawi turuti. Iblis malahan dipun-usir déning Gusti Yésus, lan iblis nilaraken Panjenenganipun. Wadi kemimpanganipun Gusti Yésus, inggih menika nampik sedaya ajakanipun iblis, lan ngestokaken sedaya ingkang dados karsanipun Gusti Allah, Ramanipun. Kanthi ketaatanipun Gusti Yésus dhumateng Ramanipun, Gusti Yésus kebal tumrap panggodhanipun iblis, temah iblis kawon.

Beda sanget kaliyan Kawa. Kita sumerep ta cariyos ngéngingi Kawa? Piyambakipun dipungodha iblis wonten ing taman Èden, lan kober rerembagan kaliyan iblis, nanging pungkasanipun Kawa taat dhateng pikajengipun iblis. Piyambakipun nedha woh ingkang mboten kepareng dipuntedha, karana taat dhateng iblis ingkang sampun atur sumerep dhateng Kawa, bilih Kawa badhé dados kadosdéné

Gusti Allah menawi nedha woh ingkang mboten kepareng dipuntedha menika. Kawa dhawah ing dosa lan piyambakipun dipun-usir medal saking taman Èden déning Gusti Allah.

Sedhèrèk kula, menapa ingkang ndadosaken kita kebal tumrap panggodhanipun iblis, inggih menika ketaatan kita dhumateng Gusti lan Dhawuh Pangandikanipun. Kados pundi kémawon kawontenan badan lan jiwa kita, mesthi kita badhé mimpang nempuh panggodhanipun iblis menawi kita taat dhumateng Gusti lan Dhawuh Pangandikanipun. Nalika dipungodha déning iblis, Gusti Yésus wonten ing kawontenan ngelih lan sayah, saksampunipun siyam sedangunipun sekawandasa dinten. Nanging Gusti Yésus tetep sagah ngawonaken iblis.

Iblis badhé terus nyobi iman kita ing pundi kémawon kita lan ing wekdal menapa kémawon. Sakben wekdal iblis ngrancanakaken kanggé nyobi iman kita. Kathah koruptor ingkang kacepeng, lan malahan sampun dipunkunjara. Mesthi ing wiwitanipun dipun-iming-imingi badhé saged gesang sekéca déning iblis, lan selajengipun mrintahaken kanggé nindakaken korupsi. Lan kathah tiyang ingkang taat dhateng printahipun iblis menika. Saking kathahipun tiyang ingkang korupsi wonten ing negari menika, bab menika nedahaken bilih kathah tiyang ingkang mboten kuwagang nempuh godhanipun iblis, temah kawon lan nindakaken dosa. Kathah ugi tiyang ingkang mejahi tiyang sanès, awit karana kepingin ngrampas donya-brananipun.

Sedhèrèk kula, tamtu kita kepingin iman kita kebal tumrap seranganipun iblis ta, awit saking menika kita kedah nggadha gaman ingkang ampuh kangge nempuh iblis. Dhawuh Pangandikanipun Gusti ngendika mekaten:

6:10 Wasana padha mbanguna kekuwatanmu ana ing patunggilané Gusti, kanthi migunakaké kasektèning pangwasané.

6:11 Padha migunakna sakèhing praboting perang sing diparingaké déning Gusti Allah marang kowé, supaya kowé bisa bakuh ngadhepi sakèhing kajuligané Iblis.

6:12 Awit kita iki perang ora karo manungsa, nanging karo pangwasané roh-roh ala sing ora katon, sing ana ing langit, yakuwi pepréntahan, para penggedhé lan daya kekuwataning jagad raya, sing nindakaké pangwasané ing jaman sing peteng iki. (Efesus 6:10-12)

Mangga kita ndedonga:

Dhuh Gusti, matur nuwun dinten menika kawula dipun-èngetaken supados waspaos lan nggadha kakebalan tumrap seranganipun iblis. Kawula ugi rumaos, bilih namung kuwaos Paduka ingkang sagah ngawonaken iblis. Gladi kawula supados tansah ngginakaken sanjata perang saking Paduka, temah kawula badhé mimpang nglawan iblis. Kawula ugi rumaos, iblis kepingin terus nyobi iman kawula, awit saking menika tulungi kawula supados kawula tansah caket kaliyan Paduka, supados kuwaos Paduka ngawonaken iblis. Matur nuwun, dhuh Gusti. Amin.

